2026 18 19 20 Хэхыныгъэ — 2-нэ нап.



«ДыгъафIэ къалэр» - илъэс 10 — 2-нэ нап.



Хьэпшыпхэми я тхыдэ яIэжщ — 4-нэ нап.



Дыщэ медалитIрэ зы домбеякърэ — 4-нэ нап.



ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№102 (25.008) • 2026 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 25, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ




## Зэкъуэтщ Урысейм щыпсэухэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо партым и съездым и етIуанэ Iыхьэм. Абы къыщыпсэлъащ УФ-м и Президент Путин Владимир.**

КЪЭРАЛЫМ и Iэтащхьэм жиIащ Къэрал Думэм щекIуэкIыну хэхыныгъэхэр Урысейм зегъэужьынымрэ абы и щхьэхуитыныгъэр хъумэнымрэ я Iыхьэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, апхуэдэуи социальнэ политикэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ къигъэлъэгъуащ. «Урысей зэкъуэт» партым и къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъымрэ Хэкумрэ хуэлэжьэнырщ», - жиIащ Президентым съездым хэтхэм защыхуигъазэм.

Путин Владимир фIыщIэ яхуищIащ дзэ Iуэху хэхам щытекIуэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI псоми. Президентым къыхигъэщащ Урысейм щыпсэухэр зэрызэкъуэтыр, Хэкум зэрыхуэпэжыр, хахуагъэ къызэрагъэлъагъуэр, лэжьыгъэ гугъу зэрырахьэкIыр.

«Шэч къытесхьэркъым ди зауэлIхэр къызэримыкIуэтынум. Абыхэм иджыпсту Урысей псор я гъусэщ. ЛэжьакIуэ гупхэр, фабрикэхэр, заводхэр, щIэныгъэлIхэр, хьэрычэтыщIэхэр, инженерхэр, волонтёрхэр, ди ЦIыхубэ фронтыр. Граждан жылагъуэ псори», - жиIащ къэралым и УнафэщIым.

Урысейм и Президентым къыхигъэщащ цIыхухэр зыIуууэ дэтхэнэ гъащIэ щытыкIэми властым мыхьэнэ зэрыритыпхъэр.

«Ди ЛIыщхьэм и унафэ псори къыщалъытащ къащта ЦIыхубэ программэм, ар зэхагъэуващ цIыхухэм зэрызыкъыхуагъэза лъэIу мелуани 3,5-м щIигъум тещIыхьауэ. Дауи, ар партым дзыхь зэрыхуащIым и щыхьэтщ. А программэкIэ «Урысей зэкъуэтыр» хэхыныгъэхэм хэтынущ, абы къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэр тещIыхьащ 2032 гъэ пщIондэ.

Къэрал щIыбымкIэ къикI шынагъуэхэми къыдащIылIа санкцэхэми емылъытауэ, цIыхухэм я деж пщэрылъ зыщытщIыжа социальнэ къалэнхэр дяпэкIи дгъэзэщIэнущ, псэупIэхэмрэ гъуэгухэмрэ, егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ инфраструктурэр ухуэным, индустрие пэрытхэм зегъэужьыным пытщэнущ. Урысейр фIэщхъуныгъэ хэлъу пэщIэтщ абы и зыужьыныгъэр зэтриIыгъэну иужь къихьэ псоми.

«Урысей Зэкъуэт» партым и УнафэщI Медведев Дмитрий къызэрыхигъэщащи, ЦIыхубэ программэм къэралым и къарумрэ абы щыпсэухэр зыщIэхъуэпсхэмрэ хуеунэтI Урысейм и бийхэм зэратекIуэным. Шэч хэмылъу, адэкIи дыхущIэкъунущ зэкъуэтыныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я хабзэхэр ди тегъэщIапIэу лъэпкъ мурадхэр зэрызэдгъэхъулIэным», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

## Ныпым и фэгъуу зыкъахуэпат

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэтауэ щагъэлъэпIащ Урысейм и Къэрал ныпым и махуэр. ЩIалэгъуалэм я унэм и гупэм деж къыщызэхуэсат къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэр зэрызэхэлъ плъыфищым задезыгъэкIу шэрыб хужьхэр, щIыхухэр, плъыжьхэр зыгъэбыб сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ.**

МАХУЭШХУЭР спортсмен цIэрыIуэхэм къызэIуахащ: бэнэкIэ хуитымкIэ пелуан, Афины щекIуэкIа олимпиадэм хэта, дунейм - тхуэнейрэ, Европэм - щэнейрэ я чемпион, щIыхь зиIэ спортым и мастер Гацалов Хьэжмурат, «Спартак-Налшык» топджэгу гупым я унафэщI Заруцкий Александр. Абыхэм сабийхэм даIыгъащ «Плъыфищу зэхэт ныпым ди къару хэлъщ» зыфIаща махуэшхуэм и пэщIэдзэ Iыхьэр: Гацаловым «Чемпионым и гъусэу ди Iэпкълъэпкъым зыдогъэужь» дауэдапщэр иригъэкIуэкIащ.

Махуэшхуэм пащащ мотоциклкIэ къызэдэжэ спортсменхэм. Абы и Iыхьэ нэхъ гукъинэжхэм язт урысей ныпыр драхьейуэ Чегетджарэ къурш зэпрыкIыпIэм деж зэрыщаукъуэдияр. А гуфIэгъуэм и интернет напэкIуэцIым щытепсэлъыхьыжащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек:

«Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым урысей ныпым и фэхэмкIэ зыкъиххуэпащ, - итхащ Iэтащхьэм. - УФ-м и Къэрал ныпыр ягъэлъапIэу, ди республикэм и лъэныкъуэ псоми хужь-щIыху-плъыжь бэракъ минхэр щаIэтащ.

Махуэшхуэм къарита гукъыдэжым зэщIиIэтащ республикэм цIыхуу исыр: цIыхубэмрэ хьэщIэхэмрэ папщIэ турист зекIуэхэр зэхаублащ. Абыхэм къакIэлъыкIуащ хэкупсэ концертхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, акъылкIэ щызэпеуэ викторинэхэр, сабий зэштегъэупIэхэр, темэ щхьэхуэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр.

Ди республикэр Урысейм къыгуэхыпIэ имыIэу зэрепхам и щыхьэт хъуащ мы махуэшхуэр, зэкъуэтыныгъэм, къэралым и дамыгъэхэм, блэкIа лъэхъэнэхэм я щIэиным пыщIауэ ущытыным и уасэр зэрылъагэр дигу къигъэкIыжу. Нобэ жьым зэрихьэ дэтхэнэ зы урысей ныпми къэралым папщIэ гушхуэныгъэ къыует, абы и къарур уи фIэщ ищIрэ пщэдейрей махуэм фIыкIэ ущигъэгугъыу».

Iэтащхьэр цIыхухэм ядэгуэшащ Урысейм и Къэрал ныпым и махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэува рекордитIымкIи: «Нобэ, Урысейм и къэрал ныпым и махуэм Чегетджарэ къурш зэпрыкIыпIэм деж «Ди Кавказ» турист фестивалым хэтахэм щызыIэрагъэхьащ гур хэзыгъахъуэ ехъулIэныгъитI. Урысейм хыхьэ щIыналъэ 13-м къикIахэр зыхэт, автомобили 140-рэ хъу гупыр метр 3121-кIэ дэкIуейри, «Урысейм нэхъ лъагэ дыдэу ит автомобиль зэпрыкIыпIэ» а щIыпIэр ящIащ икIи абдежым метр 30 зи кIыхьагъ Къэрал ныпыр щаукъуэдиящ. Урысейм и автомобиль щхьэдэхыпIэ нэхъ лъагэ дыдэм деж къэралым и щIыпIэ куэдым къикIа автомобилхэм исхэр зы нып абрагъуэм щызэкъуигъэуващ!»

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**



## ЕгъэджакIуэхэм я зэхуэс иным



**Налшык къалэм дэт Музыкэ театрым дыгъуасэ щызэхэтащ ЕгъэджакIуэхэм я республикэ шыщхьэуIу зэIущIэр. Гъэ еджэгъуэщIэм и пэ къихуэу екIуэкI хабзэ зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ и хьэщIэ лъапIэт Абхъаз Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и министр **Гунбэ Ханэ**, Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ – Статс-секретарь **Корнеев Андрей**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и федеральнэ инспектор **КъуэщIысокъуэ Тимур**, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщI **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Иннопрактикэ IуэхущIапIэм и гъэзэщIакIуэ унафэщIым и къуэдзэ, мэкъумэш технологиехэмкIэ и унафэщI **Авдеенкэ Владимир**, «Физтех-школ» фондым и унафэщIым и къуэдзэ **Поминов Сергей**, республикэм и районхэм я щIыпIэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр.

Зэхуэсыр къыщызэIуихым, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** жиIащ зэIущIэм цIыху 800 зэрызэхуишэсар, абыхэм егъэджэныгъэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, щIэдзапIэм Iута лэжьакIуэхэри зэрахэтыр. Абыхэм удз гъэгъахэмкIэ сабийхэр яхуэупсащ.

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэмкIэ зэхуэсыр къызэIуаха нэужь, пэшым щIэсхэр едэIуащ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министр **Кравцов Сергей** егъэджакIуэхэм зэрызахуигъазэ видеом. Абы егъэджакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи IэнатIэм игъуэта ехъулIэныгъэхэмрэ гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэмрэ кIэщIу тепсэлъыхьащ. Министрыр къытеувыIащ егъэджакIуэхэм я улахуэхэм зэрыхагъахъуэ Iэмалхэм, IэщIагъэм щIэупщIэ зэригъуэтыжым, сабийхэм я шынагъуэншагъэм, фокIадэм щегъэжьауэ егъэджэныгъэм ехьэлIауэ къащта хабзэщIэхэм. ЖиIар къызэщIикъуэжу, абы къыхигъэщащ: «Егъэджэныгъэ IэнатIэм псом нэхърэ щынэхъыщхьэр егъэджакIуэращ. Нобэ ди гъащIэм къэухь IэрыщIыр жыджэру зыдэдгъэIэпыкъу хъуами, сабийр щIэныгъэм дезыгъэхьэхыфынур егъэджакIуэрщ».

КIуэкIуэ Казбек хьэщIэхэр къазэрыхуеблэгъам папщIэ фIыщIэ яхуищIри, республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэр зыхуэдэм къытеувыIащ. Абы жиIащ гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкI зэIущIэм и фIыгъэкIэ къэкIуэну зэманым зэлэжьыпхъэхэр зэгъусэу ягъэбелджылыну Iэмал зэраIэр. Абы къыхигъэщащ гъэ еджэгъуэм школ 268-рэ сабий гъэсапIэу 265-рэ зэрыхуэхьэзырыр. Апхуэдэуи щIэныгъэ гуэдзэн щагъуэтыну IуэхущIапIэ 24-мрэ колледж 13-мрэ лэжьэн щIадзэнущ. ФокIадэм и 1-м еджэгъуэм щIадзэжынущ сабий мини 122-м, абы щыщу мин 11-р езанэ классым макIуэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ мы зэманым еджакIуэхэм я процент 93-м щIигъур школхэм пщэдджыжьыкIуэу зэрыкIуэр. Ар щыхьэт тохъуэ республикэм егъэджэныгъэ IэнатIэм зэрызыщиужьым. «Нэгъабэ школыщIэу 9 дуухуащ, еджакIуэ 5500-рэ щIэхуэу. Мы зэманым Терскол къуажэм щызэфIокI еджакIуи 150-рэ зыщIэхуэну школым и ухуэныгъэр. 2025 гъэм егъэджэныгъэ IуэхущIапIэу 19 зэдгъэпэщыжащ, мы гъэм апхуэдэу 38-м делэжьынущ, сабий гъэсапIэу 6-рэ колледжи 5-рэ зыхуей хуэдгъэзэнущ. Республикэм и сабийхэм иджырей мардэм тету щIэныгъэ егъэгъуэтыныр ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм. - Къуажэ школи 194-м къыщызэIутхащ «Точка роста» егъэджэныгъэ центрхэр, кванториуму - 6. ЩIэныгъэ гуэдзэным и гугъу тщIымэ, абыи гулъытэ хэха худощI. Псалъэм папщIэ, школхэм къыщызэрагъэпэщащ «Курчатовскэ классхэр», «Физтех-класссхэр», «Медицинэ классхэр». Зэман гъунэгъум пэщIэдзэ школым математикэ классхэр къыщызэIутхыну ди мурадщ».


*(КIэухыр 2-нэ нап.)*




## ЯгъэкIуатэ щIалэгъуалэм я Iуэхур

**Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ УФ-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и федеральнэ агентствэм и унафэщI Гуров Григорий. Ахэр тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэ политикэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэзэщIа зэрыщыхъум.**

ГУЛЪЫТЭ хэха зыхуащIахэм ящыщщ Налшык и курорт щIыпIэм «Iуащхьэмахуэ» хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ центр куэд дэмыкIыу къызэрыщызэIуахынум. Мы махуэ благъэхэм лэжьэн щIэзыдзэну IуэхущIапIэр хъунущ щIалэгъуалэм а унэтIыныгъэмкIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр щыдрагъэкIуэкIыну IэнатIэ. КъинэмыщIауэ, къулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым «ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ» фIэщыгъэр иIэу къыхилъхьа къэралпсо зэпеуэм кърикIуахэм ящыщу Звездный жылэм илъэс хъурейкIэ щылэжьэну «Вагъуэ» щIалэгъуалэ дзэ-хэкупсэ лагерымрэ илъэс псом лэжьэну Екатериноградскэ станицэм къыщызэрагъэпэщыну «Къэзакъ къутыр» щIалэгъуалэ турист-хэкупсэ центрымрэ. А IуэхущIапIэхэм етIанэгъэ лэжьэн щIадзэнущ.

ЩIалэгъуалэ центрхэр иджыри къыщызэIуахынущ республикэм. Куэд дэмыкIыу лэжьэн щIадзэнущ Прохладнэ къалэмрэ Дзэлыкъуэкъуажэрэ къыщызэрагъэпэщахэм. А центрхэр ипэжыпIэкIэ хъуащ ныбжьыщIэхэм я зэхуэсыпIэ цIэрыIуэ, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ дахэ куэдым, творческэ жэрдэмыщIэхэм я хэщIапIэ.

Ди республикэм и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, дызэрыт илъэсыр имыкIыу ди щIыналъэм иджыри щагъэзэщIэнущ щIалэгъуалэм яхуэгъэза пэхуэщIэ лэжьыгъэ ин зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ мы махуэхэм Налшык щызэхаша «КъэкIуэнум иIэну теплъэгъуэхэмрэ щIэблэм яхэлъ жэуаплыныгъэмрэ» щIыналъэпсо форумыр. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ Урысей хэкупсэ центрымрэ «Шынагъуэншагъэм хуэлэжьэн» щIалэгъуалэ центрымрэ. Урысей щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм диIыгъыу жэпуэгъуэ мазэм Сыхъум къалэм щекIуэкIынущ Урысей-Абхъаз щIалэгъуалэ зэхуэсышхуэ. Абы и япэ Iыхьэр Налшык щызэхашауэ щытащ. Апхуэдэу щэкIуэгъуэ мазэм ди республикэм щыщыIэнущ «Iэмалхэм я лъагапIэ» урысейпсо щIалэгъуалэ зэIущIэр.

КIуэкIуэ Казбек Гуров Григорий фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы ис щIалэгъуалэм дапщэщи гулъытэ къазэрыхуищIым папщIэ.

## Ягъасэ щIэблэр хэкупсэу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ IущIащ Урысейм и ЛIыхъужь - Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» Урысейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщI Орлов Артур Валерий и къуэм. Ар лэжьыгъэ IуэхукIэ къэкIуауэ республикэм щыIэщ, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и Федеральнэ Советым и зэIущIэм хэтыну къэкIуауэ. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэ политикэр убзыхуа зэрыщыхъум, абы ехьэлIа Iуэхухэм зэрызрагъэужьым.**

ЗЭЩIЭХЪЕЕНЫГЪЭМ и пашэ ныбжьыщIэхэу къэралым и щIыналъэ псоми - субъект 89-м - щыщхэр иджыблагъэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIащ, абы и щIыпIэ дахэхэм зыщаплъыхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым а зэщIэхъееныгъэм и пэщIэдзэ гупу 295-рэ щолажьэ – ахэр щыIэщ курыт еджапIэхэм, колледжхэм, щэнхабзэ, щIалэгъуалэ центрхэм.

ЕджакIуэ, студент мин 96-м щIигъу хэтщ Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм, абыхэм я унатIакIуэхэр миным щIегъу.

ЩIыналъэ къудамэм республикэм щрегъэкIуэкI жылагъуэ Iуэхугъуищэхэр. Зэгухьэныгъэм папщIэ къызэрагъэпэщ зыхуей инфрастуктурэр.

Пэрытхэм я зэгухьэныгъэм щыщ щIалэгъуалэр зэпымыууэ хэтщ хэкупсэ Iуэхухэм. Абыхэм я проектхэр хуэгъэпсащ жылагъуэ гъащIэм пэIэщIэ ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэным, апхуэдэуи зэныбжьэгъугъэм и лъапIагъыр, къэралым и цIыхуу зэрыщытыр дэтхэнэми зыхегъэщIэным, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм къадекIуэкI хабзэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр къагурыгъэIуэным.

КIуэкIуэ Казбек Орлов Артур фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуам, ди деж къыщыхалъхьэ жэрдэмхэм щIэгъэкъуэн зэрахуэхъум, щIалэгъуалэр гъэсэным и щхьэкIэ хуищI хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и Федеральнэ Советым и зэIущIэм, КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIам.

Республикэм и Iэтащхьэм Максым щиIэ напэкIуэцIым абы теухуауэ щитхащ: «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм щыщ щIалэгъуалэ жыджэрхэу къэралым и щIыналъэ псоми къикIахэр плъагъуныр гуапэт.

Пэрытхэм я Советым и зэIущIэм зэфIагъэкIа Iуэхухэм кърикIуахэр щызэхалъхьэжащ, адэкIэ зэрылэжьэну щIыкIэри яубзыхуащ, апхуэдэуи я IуэхущIафэм теухуа унафэхэри къащтащ. ЩIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэр зэхъуэжащ щIалэгъуалэм зэрадэлажьэ щIыкIэмкIэ, мыхьэнэ нэхъыбэ зиIэу къалъытэ проектхэми я гугъу ящIащ.

Шэч къытесхьэркъым Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм и гъуэгуанэ дахэр икIи жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъыр пхышу зэрыарам. НыбжьыщIэхэм щIалэгъуалэ политикэр пхыгъэкIыным ехъулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрагъэхьэну сехъуэхъуащ».

# ЕгъэджакIуэхэм я зэхуэс иным

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Курыт щIэныгъэ щагъуэт еджапIэхэм (СПО) къыщытеувыIэм, КIуэкIуэм жиIащ абыхэм хабзэхъумэ, мэкъумэш унэтIыныгъэхэр зэраIэр, щIыналъэр зыхуэныкъуэхэр къалъытэу, дяпэкIэ транспорт, ухуэныгъэ лъэныкъуэхэри колледжхэм къызэрызэщIрагъэубыдэнур. «Зи гугъу тщIы къалэн мытыншхэм махуэ къэс пэрытщ егъэджакIуэхэр. Дэтхэнэми сыхуэарэзыщ. Илъэс еханэ хъуауэ IэщIагъэлIхэм я улахуэм шыщхьэуIум и 1-м деж проценти 10 яхухыдогъахъуэ. А Iэмалми нэгъуэщIхэми делэжьынущ, егъэджакIуэхэм яхуэфащэ пщIэ ягъуэтын хуэдэу. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм ди гуапэу щыдогъэкIуэкI егъэджакIуэ нэхъыфIхэр щыдгъэпажэ зэхьэзэхуэхэр», - дыщIигъуащ щIыналъэ Iэтащхьэм. КIуэкIуэ Казбек тепсэлъыхьащ егъэджакIуэхэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэм дэщIыгъун хуейхэм теухуауэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым къыхилъхьа жэрдэмым иджыблагъэ УФ-м и Президент Путин Владимир арэзы техъуэу Iэ зэрыщIидзам. Абы ипкъ иткIэ, 2026 гъэм щегъэжьауэ лэжьэн щIэзыдзэгъащIэхэм я улахуэм япэ илъэсищым сом мини 5 хущIагъунущ.

Гунбэ Ханэ абхъаз лъэпкъ псом къыбгъэдэкIыу къызэхуэсахэм фIэхъус ярихащ. Абы жиIащ зэIущIэм зэрыхэтыр пщIэшхуэу къызэрилъытэр икIи къыхигъэщащ Абхъаз Республикэр дэIэпыкъуэгъу щыхуэныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу абы зэрызыщIагъэкъуар зэрызыщамыгъэгъупщэр. «ШыщхьэуIу зэIущIэхэр ехъулIэныгъэщIэхэм я щIэдзапIэу жыпIэ хъунущ. Жылагъуэр зэфIэгъэувэным и лъабжьэр зыгъэтIылъыр егъэджакIуэрщ. ГъэунэхуныгъэщIэхэм сыт щыгъуи дыпэлъэщу, ди хабзэфIхэм дытету ди къэкIуэнур дыухуэн хуейуэ къызолъытэ. Къуэш республикэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр фыкъыдолъытэри, сыт щыгъуи ди бжэхэр фхузэIухащ, фефIэкIуэну ди гуапэщ», - жиIащ хьэщIэм.

Корнеев Андрей тепсэлъыхьащ фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ егъэджэныгъэ IэнатIэм къыхыхьэ зэхъуэкIыныгъэщIэхэм. УФ-м и Президентым мэкъуауэгъуэм и 28-м «Урысей зэкъуэтым» диIыгъа жэрдэмыр теухуащ Урысейм и егъэджакIуэм и статус хэхар къэлъытэным. Ар и тегъэщIапIэу, къэпсэлъам жиIащ зи IэнатIэм илъэс 25-рэ хъуауэ пэрыт егъэджакIуэхэм «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэр зэрыфIащынум (дамыгъэ иIэхэм емылъытауэ). КъищынэмыщIауэ, 2026 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ Урысейм и школхэм 1-нэ классым къыщыщIэдзауэ 11-нэ нэс щIэсхэм я хьэл-щэным къыпэкIуэу оценкэхэр хуагъэувынущ. 2026 - 2027 гъэ еджэгъуэм щIэуэ къыхыхьэхэм ящыщу къэпсэлъам къигъэлъэгъуащ 5-нэ классым «Урысейм и псэкупсэ-щэнхабзэ щэнхабзэр» (ДНКР) зэрыщаджынур.

ЕгъэджакIуэхэм я шыщхьэуIу зэIущIэм и лэжьыгъэм хыхьэу, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэхэр ярищIылIащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ КъБКъУ-мрэ, «Иннопрактика» IуэхущIапIэм, «Физтех-школ» фондымрэ «Классы КФ 21» ООО-мрэ.

Езауэ Анзор 2026 гъэм егъэджэныгъэ IэнатIэм трагъэкIуэдэну мылъкур сом мелард 20,8-рэ хъууэ къигъэлъэгъуащ (нэгъабэрейм нэхърэ сом меларди 3,3-кIэ нэхъыбэщ). Республикэ бюджетым и Iыхьэ плIанэм щIигъур хуаутIыпщ школхэм, сабий гъэсапIэхэм, колледжхэм, егъэджакIуэхэм защIэгъэкъуэным.

«ЕджапIэщIэхэр доухуэ, щыIэхэр къыдогъэщIэрэщIэж.

Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ, - жиIащ министрым. - Мы зэманым сабий гъэсапIэу 8-м я ухуэныгъэ щокIуэкI Налшык, Бахъсэн, Гундэлэн, Старэ Шэрэдж, Бахъсэнёнкэ. Ди мурад нэхъыщхьэр етIуанэ сменэр зэрыщыту зэхуэтщIыжынырщ, дэтхэнэ сабийми иджырей Iэмалхэр къыхузэгъэпэщынырщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, 2026 гъэм курыт школыр къэзыухахэм ехъулIэныгъэфIхэр къагъэлъэгъуащ: еджакIуэ 1016-м медалкIэ къаухащ. Баллищэ къэзыхьахэр 26-рэ мэхъу (абыхэм ящыщу 4-р къуажэ школхэм щеджащ, къэзыуха цIыхуи 2-м балл 200 къахьащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтхэмкIэ ягъэлъэпIащ къыхэжаныкIа еджакIуэ 59-рэ, абыхэм я егъэджакIуэ-гъэсакIуэу 45-рэ».

ЕджакIуэхэр пщIэншэу зэрагъашхэм къыщытеувыIэм, министрым къыхигъэщащ класс нэхъыщIэхэм щIэсу мин 46-м щIигъу абы къызэрызэщIрагъэубыдэр. Езауэм и гуапэу къигъэлъэгъуащ ерыскъыкIэ къызэрызэрагъэпэщым и фIагъымкIэ Лашынкъей къуажэ школыр УФ-м щынэхъыфIи 10-м ящыщ зэрыхъуар.

Министрыр тепсэлъыхьащ сабийхэм зэхуэдэ Iэмалхэр иратын папщIэ, республикэм инклюзивнэ щIэныгъэм зыщегъэужьынми гулъытэ зэрыщыхуащIым. Апхуэдэу Гуманитар-техникэ колледжыр хыхьащ ментальнэ ныкъусаныгъэ зиIэхэр егъэджэнымкIэ Урысейм щынэхъыфIи 5-м.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, егъэджакIуэхэм фокIадэм ирихьэлIэу ику иту я улахуэр сом 48 626-рэ хъуащ (илъэси 5-м къриубыдэу хуэди 2-кIэ хэхъуащ). «Къуажэ егъэджакIуэ» программэмкIэ IэщIагъэлIу 18 мы гъэм IэнатIэ уващ.

ЗэIущIэм и кIэм, зэрыхабзэу, егъэджакIуэхэр ягъэлъэпIащ щIыналъэ дамыгъэхэмкIэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**






## «Захуагъэ здэщыIэ Урысейр» захуагъэ здэщыIэ къэралым и телъхьэщ

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и мурадыр гуащIэрыпсэу цIыху псоми я сэбэп зыхэлъ социальнэ къэрал нэс ухуэнырщ. Абы исын хуейкъым лажьэу, ауэ къилэжьыр зыхуримыкъу тхьэмыщкIэ, къулейсызыгъэм щIыпIэ щиIэнукъым, пенсэ кIуэр адэкIэ зэрыхъунум щIэгупсысын хуейкъым, сабийр школым щигъэкIуэжкIэ, гузэвэнукъым, атIэ гуфIэу пэплъэнущ, IэнатIэ пэрыт псоми псэукIэ зэIузэпэщ щаIэнущ, захуагъэр, зэкъуэтыныгъэр, пщIэ зэхуэщIыныр жылагъуэм я джэлэсу щытынущ.

Къэралымрэ жылагъуэмрэ я гугъуехь псоми дыщыгъуазэщи, хьэкъыу ди фIэщ мэхъу Урысейм и цIыхухэм гъащIэ нэхъыфI зэрахуэфащэр. Партымрэ ди депутатхэмрэ жылагъуэм, цIыху щхьэхуэм я сэбэп зыхэлъ псори екIурэ-ещхьу къызэрагъэпэщынущ, я къалэнхэр зэфIахынущ дэ, ди бынхэм, ди къуэрылъху-пхъурылъхухэм гъащIэ дахэ яIэн папщIэ.

Дзэ Iуэху хэхар йокIуэкI. Абы хэтхэм къыпащэ ди лъэпкъ-лIыхъужьым игъащIэми хэлъа хахуагъэм. Дэ дощIэ: ТекIуэныгъэр ди Iэрылъхьэщ. Нобэ дэри, къэрал псори ди хъумакIуэхэм дахуэсакъын, защIэдгъэкъуэн хуейщ. Партыр иужь итынущ зыуэ щыт къэрал реабилитацэ сертификат лIыхъужьхэм къахудэхыным, СВО-м хэтхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ, реабилитацэ Iуэхутхьэбзэхэр, санаторэ-курорт зыгъэпсэхупIэр пщIэншэу къаIэрыхьэным; зауэм хэкIуэда, уIэгъэ хъуа ветеранхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ, ахэр социальнэ и лъэныкъуэкIэ гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ, психологие дэIэпыкъуныгъэмкIэ къэрал программэ зэхэт къащтэным. Зауэм и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм, санаторэ-курортхэм щызыкIэлъагъэплъыным ехьэлIауэ льготэхэр хабзэкIэ къахузэгъэпэщыным, псэупIэ яхухэхыным, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэм я уасэр ящхьэщыхыным, лэжьапIэ гъэувыным, налог тынымкIэ защIэгъэкъуэным иджыри пытщэнущ. Ди партым и лIыкIуэхэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щадоIэпыкъу СВО-м хэтхэм. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и санаторэхэм дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм я узыншагъэм щыкIэлъыдгъэплъащ. Партыр хущIэкъунущ зауэм и ветеранхэр и пIалъэр къэмысу пенсэм кIуэну зэрыхуитым теухуа законыр къегъэщтэным. Апхуэдэуи СВО-м хэкIуэдахэм я щIэблэм ятелъ щIыхуэр щхьэщыхын зэрыхуейр къыхыдолъхьэ.

## ШэсыпIэщ нэхъыжьхэм я зэфIэкIымрэ Iущагъымрэ

«Социальнэ захуагъэм и телъхьэ Пенсионерхэм я урысей парт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэрагъэпэщащ 2022 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм.

Дэ, Пенсионерхэм я партыр - ди къэралым дрихэкупсэщ. Ди щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ къэдгъэсэбэпу дэ дыхьэзырщ, ди къару къызэрихькIэ, урысей экономикэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIэблэщIэр гъэсэным папщIэ сэбэп дыхъуну. Нэхъыщхьэращи, дэ а псоми дазэрыпэлъэщынур дощIэ.

Ди мурадыр - цIыхухэм я гъащIэр псынщIэу икIи нэрылъагъуу егъэфIэкIуэныр, дызыхуэкIуэ илъэсипщIхэм Урысейм дунейпсо утыкум хуэфащэ увыпIэ щегъэгъуэтыныр зэлъыта хэкIыпIэ пыухыкIахэр гъэбелджылынырщ.

Социальнэ Iуэхухэм хуэунэтIа парту дыщытщи, къыхыдолъхьэ цIыхухэм псэукIэ и лъэныкъуэкIэ зэрадэIэпыкъупхъэ Iэмалхэр, ар зыхуэгъэзахэм нэхъри зедгъэубгъукIэрэ.

Пенсионерхэм я партым и къалэн нэхъыщхьэр нэхъыжьхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнырщ, абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. Дэ къыхыдолъхьэ пенсэхэм я инагъымрэ лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэмрэ псом япэ хэгъэхъуэн хуейуэ. Хьэкъыу ди фIэщ мэхъу нобэ ар къызэрабж IэмалыщIэхэр къэгупсысын зэрыхуейр, ар зытещIыхьауэ щытыпхъэр бюджет ахъшэр зэгъэзэхуэныркъым, атIэ цIыхур зэпэщу псэун папщIэ зрикъу ахъшэ къыIэрыхьэнырщ.

Пенсионерхэм я партыр и телъхьэщ къэралыр лъэщу, зэпIэзэрыту, хабзэр щылажьэу, къалэнхэр купщIафIэу щагъэзащIэу, социальнэ Iуэхухэр япэ ирагъэщу щытыным.

Дэ дыхущIокъу иджырей урысей жылагъуэр цIыхугъэ, захуагъэ зезыхьэ, зэкъуэт, хэкупсэ зэрытщIыным.

А мурадхэр зэгъэхъулIэныр лIакъуэ псоми я зэхуэдэ къалэнщ!

Нэхъыжьхэм я зэфIэкIымрэ Iущагъымрэ дэтхэнэми и къэкIуэн дахэм и шэсыпIэщ!

# «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ» зы мандат хэхыпIэ округ №17-м Къэрал Думэм IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я кандидат Таппасхановэ Аминат Ануар и пхъур



Къэрал Думэм IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэм (2026) ирихьэлIэу «Яблоко» партым къигъэлъэгъуа кандидатым игъэхьэзыра программэ:

Мамырыгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ папщIэ!

Шынагъуэншэ гъащIэм папщIэ!

Зауэ щымыгъэIэным, дипломатием, мамырыгъэр къызэгъэпэщыным папщIэ!

Ди мурадыр - дунейкъутэ зауэ къэмыгъэхъунырщ!

Шынагъуэ здэщымыIэ, политикэ залымыгъэм пэIэщIэ Урысейм папщIэ!

ЦIыхум и гъащIэр хъумэным, и пщIэм, и щIыхьым, и зэIузэпэщыныгъэм папщIэ!

Ди мурадыр - зэпымычу ефIакIуэ демократие щытепщэ Урысейщ!

Ди жэрдэмхэмрэ гупсысэхэмрэ укъытехуэмэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ» зы мандат хэхыпIэ округ №17-м Iэ щыпIэтыну укъыхудоджэ кандидат Таппасхановэ Аминат Ануар и пхъум папщIэ.

*«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр хэхыным и Iуэху*кIэ» *2014 гъэм мазаем и 22-м къыдэкIа Федеральнэ закон №20-ФЗ-м ипкъ иткIэ тыдодзэ.*



# «ДыгъафIэ къалэр» - илъэси 10

**Къэрал музыкэ театрым щекIуэкIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и «ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ академиер къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 10 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэ.**

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, Абхъаз Республикэм и лIыкIуэхэр, республикэм и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, къалэхэмрэ районхэмрэ щыIэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, егъэджэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэр къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я гимнхэмкIэ.

Хъубий Марат зэхыхьэм хэтхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ икIи КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу псалъэхэм къеджащ.

Егоровэ Татьянэ депутатхэм я цIэкIи, езым къыбгъэдэкIыуи академием и егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм, адэ-анэхэм, къэзыухахэм ехъуэхъуащ:

- Илъэсипщ ипэкIэ мыбы Iуэху телъыджэ къыщежьащ - къэхутэныгъэхэм, зэныбжьэгъугъэ быдэм, япэ текIуэныгъэ инхэм я лъабжьэр. «ДыгъафIэ къалэр» Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ ныбжьыщIэ дыдэу щытми, ар абы и дамыгъэ нэхъ цIэрыIуэхэм, гъэщIэгъуэнхэм ящыщ хъуакIэщ, псори дызэрыгушхуэ щIыпIэу диIэщ.

БлэкIа илъэсхэм къриубыдэу «ДыгъафIэ къалэм» ныбжьыщIэ мин бжыгъэхэр къыщIигъэкIащ: хэти мыбы щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ, хэти и зэфIэкIхэм, Iэзагъым щыхигъэхъуащ, ахэр сыт щыгъуи лъэужьыфIэу, мыхьэнэ зиIэу щытащ, уеблэмэ, цIыхур зэфIэувэнымкIэ, зегъэужьынымкIэ академием сабий куэдым сэбэп яхуэхъуащ.

ИлъэсипщIым къриубыдэу, пэж дыдэу, академиер зэчиифIэхэр зэхуэзышэс центр, сабийхэр я нэр къикIыу къызэкIуалIэ щIыпIэ хъуащ. Урысей олимпиадэхэм, щIыналъэ зэхуаку, республикэ конференцхэм, программэ зэмылIэужьыгъуэхэм, зэпеуэ нэхъ гугъу дыдэхэм щытекIуа, лицейр ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха цIыху пщIы бжыгъэхэр, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм балл нэхъыбэ дыдэхэр къыщызыхьахэр - а псори щыхьэт тохъуэ сыт щыгъуи пщIэшхуэ зыхуащI фи лэжьыгъэр зэрыкупщIафIэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыхигъэщхьэхукIащ лэжьакIуэ гупымрэ «ДыгъафIэ къалэм» и унафэщIхэмрэ зэгурыIуэу зэрылажьэр, абы щхьэкIи фIыщIэ яхуищIащ:

- Мыбы егъэджакIуэхэм щрагъаджэ къудейкъым, атIэ сабиигур щIэныгъэм хуагъэхъуапсэ, ягъэгушхуэ, я къэухьым нэхъри зрагъэужьыным хуагъэпабгъэ. ФIыщIэ ин фхузощI фи къару фемыблэжу фызэрылэжьам папщIэ. ФIыщIэ яхуэщIыпхъэщ академием и еджакIуэхэм, ар къэзыухахэм, фэ фщыщ дэтхэнэми - мурадрэ тегушхуэныгъэрэ фиIэщ, фи ехъулIэныгъэхэмкIэ сыт щыгъуи дывогъэгуфIэ. Дауи, апхуэдэ псалъэхэр яхуэфащэщ пщIэ зыхуэтщI адэ-анэхэм, дзыхь къызэрыдагъэзым, ди Iуэхур къызэрыддаIыгъым папщIэ.

Шэч къытесхьэркъым илъэс къэс «ДыгъафIэ къалэр» зэманым къигъэув IуэхугъуэщIэхэм пэлъэщу кIуэ пэтми нэхъ зэрефIэкIуэнум, зэрырагъаджэ унэтIыныгъэхэм зэрызрагъэубгъунум, ди щIэблэм я зэфIэкIым нэхъри хагъэхъуэнымкIэ, ар гъащIэм къыщагъэсэбэпынымкIэ Iэмал нэхъыбэж зэраритынум.

Хабзэубзыху органым и унафэщIыр къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ академием и юбилеймкIэ, къэхутэныгъэщIэхэмрэ ехъулIэныгъэфIхэмрэ яIэну зэригуапэр къыхигъэщу.

Егоровэ Татьянэ къалэн гуапэ игъэзэщIащ а махуэм: КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иритащ сабий зэчиифIэхэм щадэлажьэ лицейм и егъэджакIуэ Малкаровэ Кристинэ, Сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт центрым и методист нэхъыжь МэшылI Анзор, абы и егъэджакIуэ Науянис Эленэ сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъхэр иратащ лицейм и методист Бэджыдэ Ларисэ, Сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт центрым и егъэджакIуэхэу Веремеенкэ Викториерэ Ульбашевэ Раметэрэ.

Зэхыхьэм архив дэфтэрхэр, IуэхущIапIэм щекIуэкI лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр утыку къыщрахьащ, къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

## Дунейм щыхъыбархэр

### Сом меларди 4-м щIигъу

**Урысейм и щIыналъэщIэхэм псэукIэр тэмэму щызэтеублэжа хъун папщIэ къэралым лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI. УФ-м и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIыу Луганск цIыхубэ республикэмрэ Херсон областымрэ сом меларди 4-м щIигъу хуаутIыпщынущ.**

МЫЛЪКУР трагъэкIуэдэнущ щIыналъэхэм я псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным: зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр къащэхунущ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ, хуабэрэ псыкIэ къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэм я деж къащытехуа щIыхуэхэр япшыныжынущ.

«Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм Iэмал къаритынущ псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэхэм къепха IэнатIэхэм я лэжьыгъэр тэмэму екIуэкIынымкIэ, инженер коммуникацэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм и чэзум хуэгъэхьэзырынымкIэ, а щIыналъэхэм щыпсэухэм я псэукIэр зэтеублэжынымкIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэхум и проектхэм зригъэужьынымкIэ, щIэхэр къызэIуихынымкIэ», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

### Гъуэгу шынагъуэншагъэм хигъэхъуэнущ

**2027 гъэм гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ шоферхэм яхуэгъэза хабзэщIэм лэжьэн щIидзэнущ. Абы къызэригъэлъагъуэмкIэ, цIыхум узыфэ шынагъуэхэр, психикэ ныкъусаныгъэхэри яхэту, иIэу къахутамэ, машинэр кърихуэкIыну хуитыныгъэ зэриIэм щыхьэт техъуэ и тхылъым къару имыIэжу къалъытэнущ.**

УФ-м и Къэрал Думэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI Леонов Сергей зэрыжиIамкIэ, мы зэманым ведомствэхэр хъыбарымкIэ зэрызэхъуэжэну Iэмалхэр яубзыху. Медицинэ IуэхущIапIэхэм шоферхэм машинэр къехуэкIыным зэран хуэхъуну узыфэхэр яIэмэ, псалъэм папщIэ эпилепсие иIэмэ, и психикэм дагъуэ хуащIамэ, и нэхэм фIыуэ ямылъагъумэ, абы и щытыкIэр зыхуэдэр МВД-м ирагъэщIэн хуейщ. Абы иужькIэ мазищым къриубыдэу зи мычэзу медицинэ къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну къыхураджэнущ.

**Шыщхьэуiум и 25,** *гъубж*

**♦Дзыгъуэнэфым и дунейпсо махуэщ**

**♦1530 гъэм** къалъхуащ Рюриковичхэ ящыщ япэ урыс пащтыхь, адыгэпщ Идар Темрыкъуэ и малъхъэ Иван IV Грознэр.

**♦1960 гъэм** къалъхуащ нейрохирург, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Семэн Жаннэ**.

**♦1966 гъэм** къалъхуащ публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Къэзанш Людмилэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

**Шыщхьэуiум и 26,** *бэрэжьей*

**♦Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

**♦1908 гъэм** Тыркум япэ Адыгэ Хасэ къыщызэрагъэпэщащ.

**♦1947 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Педагогикэ егъэджэныгъэмкIэ дунейпсо академием и член-корреспондент **Зэгъэщтокъуэ Хьисэ**.

**♦1952 гъэм** къалъхуащ «Тетраграф» ООО-м и унафэщIу щыта, ДАХ-м и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Шакъ Елбэрд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Дыгъуасэ* Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 27-рэ. Абыхэм ящыщу 17-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ.

*ШыщхьэуIум* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 594-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 5731-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**МэжэщIалIэм къэрабгъэри лIыхъужь ещI.**

